



Pou Piblikasyon Imedya: 11/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 18.5 MILYON DOLA NAN BIDJÈ ANE FISKAL 2019
LA POU KOUPE REKRITMAN MS-13 LA EPI SIPÒTE PWOGRAM
JENÈS GLOBAL NAN LONG ISLAND LAN YO**

***16 Milyon Dola nan Envestisman yo pral Agrandi Pwogramasyon Edikativ,
Ogmante Opòtinite Anplwa, epi Sipò Global pou Jèn yo pou
Anpeche yo Antre nan Gang***

***2.5 Milyon Dola Adisyonèl pral Sipòte Inisyativ pou Elimine Vyolans ki Enplike
Zam a Fe yo ak Pwogram SNUG la yo nan Konte Nassau ak Konte Suffolk***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 18.5 milyon dola ki enkli nan Bidjè Ane Fiskal 2019 yo pwomilge a pou lanse yon pwogram a plizyè volè pou jèn a risk yo ki pral ede kominote Long Island yo koupe kondwit rekritman pou gang MS-13 lan. Nan finansman sa a, 16 milyon dola pral sipòte agrandisman pwogram apre lekòl la yo, sèvis jesyon ka yo, ak opòtinite travay pou jèn vilnerab yo, ansanm ak inisyativ fòs lapolis lokal ak kominotè yo pou anpeche moun enplike nan gang yo. 2.5 milyon dola otoutal nan finansman an pral sipòte tou inisyativ pou Elimine Vyolans ki Enplike Zam a (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) Fe yo ak sansibilizasyon nan lari SNUG la nan Long Island, ki ofri ajans fòs lapolis yo ak òganizasyon kominotè yo resous pou ede yo konbat vyolans gang ak vyolans ki enplike zam a fe kote y ap itilize estrateji yo pwouve ki baze sou evidans. Ansanm, angajman sa a ap ajoute sou pwogrè New York te fè pandan ane ki sot pase a epi asire jèn yo gen zouti ak resous pou evite yo enplike yo nan gang.

“New York p ap tolere zak monstriye ak lakrent MS-13 te pote nan kominote yo, epi lè nou konsantre sou edikasyon ak pwoteksyon jèn rezidan yo, nou ap plis fè vanse efò nou ap fè pou nou mete kriminèl vyolan sa yo deyò”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lansman plan global sa a envesti nan pwogramasyon enpòtan pou ede eradike rekritman gang, angaje jèn fanm ak gason yo pandan ak apre lekòl yo, epi ede pwoteje Nouyòkè yo kont viktimizasyon, pandan n ap travay pou n elimine prezans MS-13 nan eta sa a pou tout bon.”

MS-13 se yon gang kriminèl entènasyonal ki te parèt Ozetazini nan ane 1980 yo. Yo angaje nan yon pakèt seri aktivite kriminèl epi yo vyolan nan yon fason eksepsyonèl, ki souvan yo angaje yo nan aksyon vyolans brutal pou yo ka senpleman ogmante repitasyon gang lan. Malgre to krim vyolan yo bese nan fason dramatik nan Long Island pandan plizyè ane ki sot pase yo, yo te relye ogmantasyon lejè nan krim vyolan yo, ki

gen ladan yon seri omisid san sans, dirèkteman a gang MS-13 lan. Finansman sa a te dènye eleman nan yon apwòch global Guovènè Cuomo te prezante pou eradike MS-13 nan Long Island epi pwoteje kominote New York yo.

Pwogram Global pou Jèn a Risk nan Long Island yo

Agrandi Pwogram Apre Lekòl Empire State la (Empire State After School Program): 2 milyon dola

Bidjè Ane Fiskal 2019 la gen ladan 2 milyon dola pou agrandi Pwogram Apre Lekòl Empire State la (Empire State After School Program) ane sa a nan lekòl yo ak nan òganizasyon san bi likratif ki sitiye nan zòn ki a risk nan Long Island yo, Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta a (State Office of Children and Family Services), Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la (Division of Criminal Justice Services, DCJS), Divizyon Lapolis Eta a (Division of State Police), Chèf Egzekitif Konte yo, ak ajans fòs lapolis lokal yo te idantifye yo. Inisyativ sa y ap agrandi a pral kenbe jèn yo angaje nan espò, mizik, atizay ansanm ak lòt pwogramasyon edikativ yo pandan orè apre lekòl yo, epi ede diswade potansyèl pou nenpòt enplikasyon oswa aktivite gang.

Ogmante Opòtinite Djòb ak Fòmasyon pou Jèn a Risk yo: 5 milyon dola

Pwogram Efikas Djòb pou Jèn New York la yo (New York Youth Jobs program) pral dedye jiska 5 milyon dola pou ofri opòtinite djòb ak fòmasyon pou jèn ki plis a risk yo pou yo evite potansyèl pou yo rekrute yo nan gang yo. Pwogram lan pral gide jèn yo anvè pòs fòmasyon anlwa ak fòmasyon pwofesyonèl epi ofri prim ankourajman sou fòm taks pou konpayi ki anboche jèn chomè ki pa lekòl ki gen ant 16 a 24 tran yo. Angajmans sa a pral ede ofri yon chemen pou jèn yo ka ap bay presyon pou fè krim yo paske yo gen yon dezavantaj finansye.

Ofri Pwogram Edikasyon sou Prevansyon kont Gang yo: 2 milyon dola

Pandan twa pwochèn ane k ap vini yo, yo pral investi 2 milyon dola pou sipòte pwogram edukasyon lokal ki konsantre sou entèvansyon prekòs ak prevansyon kont vyolans ki sible elèv ki nan lekòl primè ak segondè yo. Nan travay ak distri lekòl yo ak òganizasyon kominotè yo, inisyativ sa a pral ofri elèv yo èd sikolojik, pwogramasyon an gwoup, ak lòt sèvis sosyal ankò pou ede yo evite rekritman gang, enfliyans kamarad yo, vyolans, ak konpòtman delenkan. Ajans fòs lapolis k ap travay ak lekòl yo ak òganizasyon kominotè yo nan kad edukasyon sou prevansyon kont gang yo pou ede alafwa jèn ki lekòl ak sila ki pa lekòl yo, pral kapab pataje 500,000 dola nan investisman sa a.

Devlope Sèvis Sipò Global pou Jèn Vilnerab yo: 3 milyon dola

Pou ofri jèn imigran yo resous yo bezwen pou yo ka reyisi, yo enkli yon investisman 3 milyon dola nan Bidjè Ane Fiskal 2019 la yo pral bay pandan yon peryòd twazan pou sipòte jesyon ka global. Yo pral itilize sèvis sa a pou sipòte jèn vilnerab yo, patikilyèman nouvo timoun imigran yo ke rekritman MS-13 lan souvan konsantre sou yo. Jesyon ka sa a pral gen ladan sipò medikal ak sante mantal, tretman pou adiksyon, èd sikolojik pou twoma ak pwoblèm familyal, fòmasyon lengwistik, ak lòt sèvis sipò kominotè pou pwomouvwa devlopman sosyo-emosyonèl pozitif ak lyen solid ak kominote a.

Tabli yon Nouvo Ekip Asistans Kominotè: 4 milyon dola

Pou idantifye ak reponn a aktivite gang yo nan “zòn cho” yo ansanm ak pou sipòte demann lokal pou ransèyman itilizab ak ogmantasyon sèvis, Bidjè Ane Fiskal 2019 la sipòte deplwaman yon Ekip Asistans Kominotè nan Lapolis Eta a (State Police

Community Assistance Team) pou ale nan Long Island. Ekip la ki gen 11 moun, pral gen ladan sis Manm Patwouy, twa anketè, yon anketè prensipal, ak yon sipèvizè yo deziyen pou fè patenarya ak ajans fòs lapolis lokal ak ajans kominotè yo pou sipòte efò yo ap pou frennen krim ki gen rapò ak gang yo.

Sipò Eta ap bay Efò pou Redwi Vyolans yo Atravè Inisyativ GIVE ak SNUG yo

Finansman Inisyativ pou Elimine Vyolans ki Enplike Zam a Fe yo: 1.9 milyon dola
Bidjè Ane Fiskal 2019 la kontinye sipòte Inisyativ pou Elimine Vyolans ki Enplike Zam a Fe DCJS la, ki se yon apwòch yo rekonèt onivo nasyonal pou redwi vyolans lè yo itilize estrateji ki baze sou evidans yo. Ane sa a, konte Nassau ak konte Suffolk pral resevwa 1.9 milyon dola nan prim GIVE pou finanse efò sansibilizasyon kominotè yo, fòmasyon, ekipman, ak pèsònèl - tankou pwokirè ak analis kriminalite yo. Yo pral pataje sipò sa a pami depatman lapolis Long Island yo, biwo pwokirè distri yo, depatman pwobasyon yo, ak biwo cherif yo.

Finansman pou Sansibilizasyon nan Lari SNUG la: 687,500 dola

Bidjè Ane Fiskal 2019 la kontinye sipòte pwogram SNUG DCJS la tou nan Long Island. Pwogram sa a yo, ki sitiye nan Hempstead and Wyandanch, ofri òganizasyon kominotè yo, an patenarya ak fòs lapolis lokal yo, resous pou yo mennen sansibilizasyon nan lari epi fè jèn yo evite vyolans. Ane sa a, de òganizasyon sa yo pral resevwa 687,500 dola - yon ogmantasyon 78,500 dola anplis de sa ane pase a.

Konbat Vyolans Gang nan Long Island

Investisman ki enkli nan Bidjè Ane Fiskal 2019 la make dènye efò k pa fèt sou direksyon Gouvènè Cuomo, pou kapab eradike vyolans gang yo nan Long Island. Mwa Avril dènye a, Gouvènè a te bay Lapolis Eta a lòd pou yo deplwaye resous nan Long Island pou kapab ede konbat MS-13, ki gen ladan 25 Manm Patwouy ki pou fè patwouy a grand vizibilite nan Brentwood ak Central Islip, ansanm ak operasyon sekrèt ki ap vize epi kontwòle espesifikman katye ki selèb pou aktivite gang wo nivo yo. Lapolis Eta a te bay tou sis nouvo anketè a Fòs Entèvansyon Gang Long Island (Long Island Gang Task Force) ki dirije pa FBI ki genyen plis pase 30 manm patnè fòs lapolis federal, eta ak lokal yo, epi ede ajans yo konbine entelijans ak lòt resous yo pou yo kapab mennen ankèt global sou aktivite gang yo.

Pi resamman, Gouvènè Cuomo te anonse deplwaman yon nouvell Inite Prevansyon Vyolans Gang (Gang Violence Prevention Unit), ki konsiste an 10 Manm Patwouy Eta yo. Inite a pral travay pou idantifye siy avètisman prekòs aktivite gang yo epi kowòdone de prè ak Depatman Lapolis Konte Suffolk lan nan yon pwogram ki rele "Educate the Educators", pou kapab ede pwofesè ak fakilte yo rekonèt siy avètisman prekòs rekritman ak enplikasyon gang yo epi bay etidyan yo fòmasyon sou danje gang nan lari yo. Anons jodi a pwomilge 4èm Pwopozisyon nan Diskou Eta Leta Gouvènè a li te anonse an desanm dènye a avan sesyon lejislativ la.

Senatè Phil Boyle te di, "Investisman New York ap fè nan estrateji prevansyon kont gang yo, pwogramasyon edikativ, ak inisyativ sekirite zam a fe yo te distenge nou de rès eta yo, sa k ap sipòte yon ogmantasyon nan sansibilizasyon kominotè, epi, yon rediksyon nan krim vyolan ki fèt nan Long Island yo. Gras a angajman ak kolaborasyon inebnanlab Gouvènè Cuomo pran, kolèg mwen yo nan Sena Eta New York la, lidè lokal toupatou atravè rejyon an yo, dènye investisman sa a pral mete efò nou ap fè yo nan

yon lòt nivo epi angaje plis etidyan pase jamè avan. Mwen felisite kominote yo paske yo te rete ansanm pandan n ap travay pou nou mete fen a MS-13, yon fwa pou tout”.

Manm Asanble Phil Ramos te deklare, “MS-13 te fè ravaj an kominote nou yo pandan twò lontan. Mwen fyè pou m travay ak kòlèg mwen yo nan lejislati a ansanm ak Gouvènè Cuomo pou nou asire yo bay Long Island finansman nesèsè pou ede yo mete fen nan pakou kriminel danjre sa yo epi pwoteje kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo. Mwen atann pou jèn gason ak jèn fanm yo angaje yo nan plis aktivite apre lekòl yo epi pwofite de nouvel opòtinite fòmasyon pwofesyonèl yo, pandan n ap travay pou konstwi yon avni ki pi briyan pou tout rezidan nou yo”.

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, “Pandan krim nan Konte Suffolk la yo kontinye bese epi rete istorikman ba, nou ap pran angajman pou nou eradike MS-13 atravè yon apwòch global lè nou konsantre nou sou non sèlman fòs lapolis to men tou mete fen a kondwit rekritman an. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, envestisman eta a sa ap fè a pral ofri resous nesèsè pou ede finans apwòch kont gang sa a epi kenbe kominote yo an sekirite”.

Chèf Egzekitif Konte Nassau a Laura Curran te deklare, “Mwen fyè de efò konsète k ap fèt toupatou atravè Long Island lan yo pou elimine krent vyolans gang yo poze epi pote lapè nan kominote nou yo. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo kontinye bay la, li te asire Bidjè Ane Fiskal 2019 la bay finansman nesèsè pou ofri pwogram edikasyonèl ak estrateji prevansyon kont gang yo byen bezwen, ki pral ede kenbe timoun nou yo an sekirite. Anplis de sa a, li te montre sipò li tou pou gason ak fanm nan depatman lapolis nou yo lè li asire yo ekipe ak zouti yo bezwen pou konbat vyolans gang yo epi responsabilize delenkan yo. Mwen atann pou m travay ak patnè eta a ak lokal yo pou lanse pwogram sa yo epi ede fasone lavi jèn gason ak jèn fanm New York yo”.

Lejislatè Konte Suffolk la, Monica R. Martinez, te deklare, “Apwòch global eta a - edikasyon ak pwoteksyon timoun nou yo pandan n ap travay ansanm pou nou mete fen a MS-13 lan, se yon kat woutyè nou bezwen pou asire yon avni ki pi briyan pou tout rezidan yo. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, yo te bay Long Island finansman esansyèl ki pral ede retire lakrent nan katye nou yo epi ekipe òganizasyon kominotè ak lekòl yo ak zouti nou bezwen pou nou eradike gang fewòs sa a tout bon. Mwen aplodi lidè eta nou an yo paske y ap travay ansanm pou asire envestisman sa yo fèt epi pou travay kòt a kòt avèk rejyon nou an kenbe etidyan nou an yo an sekirite”.

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)